Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН



Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «Садовод» sadovoduns@yandex.ru

№ 49 (7241) 25 ноябрь Рузман 2016 сон. Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ. Багьа 7 гъурущ

## Районалъул депутатазул Собраниялъул тIоцебесеб заседание



I8 ноябралда райадминистрациялда букIана районалъул депутатазул Собраниялъул тIоцебесеб заседание. Гьенир гIахьаллъана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов, районалъул прокурор ХI. Хайчилаев.

Гьенив кIалъалаго ГI. НурмухIамадовас абуна: «Дун вохарав вуго гьаб тIоцебесеб заседаниялда нужее салам кьезе щвеялдаса. Гьанибго бихьизабизе бокьун буго; нужедехун руго чIахIиял хьулал районалъул гIемерал кIвар бугел суалал гIумроялде рахьинариялъе». –Республикаялъул бетIер Р. ГIабдулатIиповас цо нухалъ абуна: депутат вугин сундухъго балагьичIого халкъгун вукIунев чи,- абун. Гьеб хъатIула районалъул депутатаздаги. Нуж рукIине ккола нижедаги жамагIатаздаги цадахъ»,- абун.

Сессиялда кIалъана ТИКалъул пред. А. Расуловги. Гьесги ракI-ракIалъ баркана сентябралъ рищарал депутатазда, бицана I8 сентябралда рищиял араб куцалъул.

ТIоцебе Сораниялъул балагьиялде босун букIана гьелъул председатель вищиялъул суал. Киназго цо гIадин гьаркьал кьун цIидасан вищана Казим Жамалудинович Асадулаев.

## КъватIир ругел районцоялгун дандчIвана





22 ноябралда Хасавюрт шагьаралда букIана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул ва районалъул имам Гъ-М. Абакаровасул, гIолилазул ва туризмалъул хIалтIи гьабулев А. МухIастановасулги районалъул гьенир гIумро гьабун ругел гIадамазулгун дандчIвай. ДандчIвазе рачIун рукIана Бекьилъ, ЦIатIанихъ, ХъахIабросо, ИштIибури, ИнкIкIвалитIа росабалъа гIадамал.

Ракьцоязда цеве кIалъалаго муниципалитеталъул бетIерас ругел ресазда пайдаги босун гIагараб районалъул гIадамазе кумек гьабизе хIадур вугин абуна. Гьединго бетIерас бихьизабуна гIисинал росаби цIи гьаризе хIажат бугин, данделъаразда бицана районалда гьабулеб бугеб хIалтIул, лъай кьей, культура, сахлъи цIуни кколеб даражаялде бахинабизе кколинги. Гьединго ГI. НурмухIамадовас бицана гIолилазда гьоркьоб гьоболлъи-гьудуллъи цIи гьабизе ккеялъул, гIолеб гIелалъул цоцаздехун адаб-хIурмат куцазе ккеялъул.

## Лъималазул ихтиярал цIуниялъе



I8 ноябралда нилъер улкаялда кIодо гьабуна лъималазе правовияб кумек гьабиялъул Къо. Гьеб къоялъ чIобого юридическияб кумек гьабуна закониял вакилзабазе Унсоколо районалдаги. Райадминистрациялъул минаялда жаниб гьединазе профессионалиял юристалги чIезарун рукIана. ЧIобогояб правовияб кумек гьарун рачIун рукIана I0 чи. Гьезие лъазе бокьун букIана бесдал лъималазе кьолел рукъзабазул, санаде рахинчIезда тIад опекунство гьабиялъул къагIидаби, гьединалго санаде рахинчIел лъималазе буголъи ва недвижимость бикьиялъул ва гIемерал цогидалги суалал.

Киналго консультативиялгун правовиял хасияталъул суалазе кьуна чIванкъотIарал жавабал, кумек гьабуна лъималазул ихтиярал ва интересал цIуниялда хурхун цIезарулел жалазе

## Журналистал-ГIашилтIа



Араб анкьил ахиралда районалъул Цогояб информационнияб хъулухъалъул хIалтIухъаби щвана ГIашилтIа росулъе. Гьенир дандчIвана школалъул учительзабазул коллективгун, чIахIиял классазул цIалдохъабигун, росдал учреждениязул нухмалъулелгун. Районалъул СМИялъул вакилзабигун букIана росдал бетIер М-Н. Назирбеговги.

Росдал учительзабазулгун дандчIваялда нухмалъулев М-Н. ХIайбулаевас бицана, районалда информационнияб хIалтIи гIуцIун бугеб куцалъул, гьединго кIвар кьуна сайтазде ва цогидалги бакIазда лъолел материалазул этическияб рахъ цIунизе ккеялде. «Нижер цогидал журналистазулго гIадин чанго кIвар бугеб цIунизе кколеб къагIида буго нужеда бицине. Цо бугони сайталда информация букIине ккола битIараб, качество бугеб, цIунизе ккола этическиял нормаби.

**(Ахир 2 гьумералда)**

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 49 (7241)*

*25 ноябрь 2016 сон*



26 ноября в администрации МО «Унцукульский район» будет осуществляться прием граждан Председателем Комитета по государственным закупкам Республики Дагестан Далгатовым Мурадом Далгатовичем. Все желающие могут прийти на прием к Мураду Далгатову в районную администрацию. Начало приема - 10.00.



Умумазул махщел цIунизин

# Гьайбатаб махщалилъ батараб талихI



Ишан тIад чIварал тIагIелал, алатал рихьулезда ракIалде ккола гьеб берцинаб накъищ тIад гьабизе захIматаб иш батиларилан. Амма гьеб гьабизеян лъугьаразда гурони лъаларо цо тIагIел къачIазегIан щибаб мухъ-тIанкI хIадуризе ккани, квал-квадизе кколел куц устарзаби. Жеги гьитIинго йикIаго, ишан чIвалаан тIагIалабазда дицаги.

Ансадерил устарзабазда гьоркьор руго тIолалго нилъер пачалихъалдаги, гьеб тун къватIибехунги лъалел цIарал: XIX ва XXI гIасруялда Унсоколоса МухIамад Юсуповас Вашингтоналда рагьана жиндирго мастерская. XX ва XXI гIасрабазда цIар рагIараллъун рукIана Идрис ГIабдулаев, МухIамадгIали ва ХIамзат ГъазимухIамадовал, ГIабдулжалил МухIамадов ва цогидалги. Гьанже гIолохъабазда гьоркьорги руго махщел тIокIал ансал. Гьездасан цоявлъун ккола Унсоколоса МухIамадгIали МухIамадов.

Цебе цIулги лъун, гьес гьелдаса хъал бахъула ва лъикIго валагьула – тIагIелалъул форма кинаб букIине бугебали цебечIезабула. ХIадурараб вазаялда, ялъуни цогидаб алаталда тIад ба хъула сурат ва байбихьула ишан чIвазе. Хадуб тIагIел цIвакинабула, бахуна лак ва бакъвазабула. Гьеб хIалтIи буго захIматаб, заман гIемер бахъулеб. Амма дие гьеб цIакъго бокьула,-ян бицунеб буго МухIамадгIали МухIамадовас. – «Цо-цо мехалда кигIан сваканиги, хIалтIи тезе кIоларо».

Гьесул ишан чIваялдехун рокьи байбихьана лъимерлъиялдаго, Унсоколо фабрикалда хIалтIулей йикIарай кIудияй яцалъе кумек гьабиялдасан. Гьесул хIалтIи устарасул хIалтIудаса батIа бахъизе лъалароан лъиданиги. КIудияв гIедал, кинаб пишаялда гьорлъе жуванги, цIулал устарлъия лъулъ гурони талихI батулареблъи бичIчIана МухIамадгIалида. Армиялдаса тIад вуссана гIагараб росулъе ва яц хIалтIулей йикIараб фабрикалде ана хIалтIизе. Доб заманалда гьеб пиша тIагIинабизехъин букIана, амма гьеб хIужаялъги гIолилав нахъе къазавичIо. Дагьаб мехалдасан гьев лъугьана гIунсбузул устарлъун. Гьесул тIоцебесеб гIанса бихьидал, чIахIиял устарзабаз лъикIаб къимат кьуна гIолиласул махщалие. Сонал анагIан, ургъулел рукIана цIи-цIиял накъищал, тIагIелал. Гьесул хIалтIаби тIиритIана росулъ, районалда, Дагъистаналда ва улкаялда. Гьанже гьесухъе заказал рачIуна республикаялъул тIалъиялдасаги. Дагьав цевегIан гьев гIахьаллъана Воронежалда букIараб «Русь песенная, Русь мастеровая» абураб фестивалалдаги.

«Расги ракI бухIун гьечIо гьеб махщел тIаса бищиялдаса,-ян абуна МухIамадгIалица. – Нижер махщел къанагIатаб буго, лъикIал устарзабиги гIемер хутIун гьечIо. Амма дие бокьилаан дир пиша хадубккунги цебетIезе. Малъулеб буго гьеб махщел дирго лъималаздаги, гьабсагIат гьез дие кумек гьабула цо-цо заказал тIуразаризе. Хьул буго кIудиял гIедал, гьезулги устарзаби рахъинин».

**А. МУХIАМАДОВА.**

## Поздравление Главы района с Днем работников налоговой службы

Уважаемые работники налоговой службы! Сегодня самый главный праздник в вашей профессии – День работника налоговой службы, который вот уже почти два десятка лет в нашей стране отмечается 21 ноября.

Задача налоговика – отстаивать интересы государства. И вы, как никто, ответственны за его благосостояние, престиж и положение в мировом сообществе. Скорость и качество наполнения бюджета нашей страны напрямую зависит от вашего профессионализма, уважаемые сотрудники налоговой службы! Вы знаете все о налоговом законодательстве нашей страны, и любому человеку готовы рассказать, как важны налоги для развития экономики государства. Ваша работа не терпит ошибок и требует максимальной сосредоточенности и самоотдачи, поэтому в этот день хочется пожелать успехов в работе, карьерного роста и, конечно же, личного счастья! Стойкости, целеустремленности, бдительности и непреклонности духа! Налоговик должен отличаться терпением, уверенностью в себе и своих делах, желанием заниматься своим делом. Я желаю Вам быть терпеливыми и любить выбранную профессию. Хочу также от души пожелать вам отличного настроения, успеха и крепкого здоровья!

## Журналистал-ГIашилтIа

Цониги бахъараб материалалъ диналда, миллатазул, культураялде, этическияб рахъги нормаби хвезаризе бегьуларо, чиясул гIумроялъул бицинеги, гьесул къадро холел жал риччазеги бегьуларо,-ян бихьизабуна ХIайбулаевас. –Г1емер руго щаклъи кколел сайтал, гьединлъидал бахъулелъул нормаби цIунизе ккола. Экстремистлъиялъул сайтал цIалулаго цIодорго рукIине ккола, гьеб рахъалъ цIалдохъабазда гьоркьоб хIалтIи гьабизе кколинги бихьизабуна гьес.

Жинцаго нухмалъи гьабулеб периодическияб изданиялъул бицана «Ахихъан» газеталъул бетIерай редактор С. КъебедмухIамадовалъ, 20I7 соналъе подписка гьабулаго районалъул газеталде кIвар кьезе ахIана гьелъ данделъарал.

КIалъазе рахъараз бихьизабуна подписка гьабизе хIадур ругин, амма хъварал газетал-журналал заманалда щолел гьечIин. Чанго къо къватIибе биччан щвараб газеталъул абуни пайда букIунаро. ЧIалгIаде гуро абулеб «Газеталъ гIумро гьабулин цо къоялъ»,-абун.

Хадуб СМИялъулал дандчIвана учреждениял, организациязул хIалтIухъабигун, почтамталъул вакилалда бичIчIизабуна заманалда почта щвезабулеб гьечIолъиялъ росулъ почалъе подписка гьаби лъикI гьечIолъи.

ДандчIвай ана гьудуллъиялъул ва цоцазе кумек гьабиялъул хинаб ахIвал-хIалалда. Сайтазул хIалтIуда хурхун гьабуна гьеб иш тIаде кколезе кумек.

# Туризмалъул цIияб маршрут

Нилъер республикаялда бищунго приоритетнияб рахълъун ккола туризм цебетIезаби. Гьеб рахъалъ гIемерал хиса-басиял кколел руго гьайбатаб тIабигIат бугеб нилъер районалдаги. Гьедин Сулахъ коньеналъул берцинлъиялъул туристаз лъай-хъвай гьабизе бегьула цIияб туристлъиялъул маршруталда. Гьеб ккола «Дорога предков»,-абураб РДялъул туризмалъул ва халкъиял промыслабазул Министерствалъгун цадахъ «Шангереев-Тур» предпринимателас рагьараб.



ЦIияб турмаршруталда киналго сверухълъи бокьулезда бихьизе рес буго гIицIго Сулахъ коньёналъул берцинлъи гуребги, Александр Дюма чIараб бакI, РДялъул бетIер Р. ГIабдулатIиповасул хIаракаталдалъун АхIулгохIда бараб цIияб музейниябгун тарихияб комплекс, ЧIикIаб хIор.

Басрияб маршруталъул нух цIакъго къваридаб букIана. Гьанже гьеб гIатIид гьабун буго ва туристазе хIинкъи гьечIеб буго. Генуб туннелалъухъе щвезегIан I7 км. I0 чиясул кумекалдалъун гьеб нух къачIана М-К. Дибировас. Гьезго I4 км. кьуруги гIанлъун къачIазе хIисабалде босун буго Генуб-ЧIиркъатIа нух. Буйнакскиялдасан республикаялъул I7 мугIрузул районалъул гIумро цоцада бухьинабула гьеб нухалъ.

Гьеб нухдасан лъун буго цIияб туристлъиялъул маршрут. ТIоцебе «Дорога предков» маршруталда ине руго минтуризмалъул хIалтIухъаби ва индивидуалияв предприниматель Шамиль Шангереев.

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 49 (7241)*
*25 ноябрь 2016 сон*

*3 гъумер*

# Милъирщо

(РагIи - Рихьуни гьоркьохъаб школалъе)



## Лъай кьеялъул качество борхизе



Дагъал цере къоязда Рихьуни росдал школалда тIоритIана гIурус мацIалъул кIиго рагьараб дарс. М. Заргьалаевалъ – 11 абилеб классалда ва А. Жаватхановалъ – 9 «а» классалда.

КIиябго дарсида тIадчIей гьабун букIана лъималазда гъваридго ОГЭялъул ва ЕГЭялъул материалал лъаялда.

Дарсал учительзабаз рухьинарун рукIана хаслихълъиялда, бицунеб букIана 9 «а» классалда журарал предложениязда хIалтIизарулел лъалхъул ишарабазул – хасго запятая лъолеб бакIалъул.

Дарсазда хIалтIизабуна интерактивияб доска, гьаруна цIалдохъабазе пайда бугел малъа-хъваял, жавабал лъималаз кьуна хъван яги бицун, цIалана хаслихълъиялда хурхун А. Пушкиница, Д. Набоковас хъварал кучIдул.

Рагьарал дарсазда лъикIаб гIахьаллъи гьабурал цIалдохъабазе лъуна лъикIал къиматал, дарсазе лъикIаб къимат кьуна тIаде рачIараз.

Хадубги Сакинат МухIамадгIалиевналъ тIобитIана районалъул гIурус мацIалъул ва литератураялъул учительзабазул методобъединениялъул заседание, бицана гIурус мацIалъул ЕГЭялда рукIине бегьулел хиса-басиязул.

---

## ЛъикIаб гIамал-хасияталда хурхун

Гьал къоязда 5 «а» классалда «Инсан ва гьесул лъикIал хасиятал» абураб темаялда гIолохъанай учительница ПатIимат Лабазановалъ т1обит1ана рагьараб дарс. Бихьулеб букIана ПатIимат Лабазановалъ лъималазе дарсил материалал гъваридго бицунеб букIин, гьелъул гIурус калам битIараб ва бечедаб букIана.

Учительзабазе рекIее гIуна классалъул гIемерисел цIалдохъабазул щвалде щварал жавабал, хасго лъикIал рукIана жавабал А. ГIабдулаевалъул, А. ГIамировасул, ХI. Жамалудиновалъул.

Жиндирго хъизамалдаса хIурматиял гIадамазул бицунаго А. ХIамзатовалъ тIад кIвар кьун букIана инсул ва эбелалъул эбелазде.

Киназдаго кIоченаредухъ кIудияй эбелалъул бицана ГI. АхIмадовалъ. ПатIимат ГIабдурахIмановалдаги ракIалде щвана жиндирго тIоцеесей учительница, Дагъистаналъул мустахIикъай учителасул цIар щварай ПатIимат МухIамадовна.

Узухъда, лъикIал ишал киданиги чиясда кIочонаро. Чан лъимадуеха П. МухIамадовналъ жиндирго бечедаб учителасул нухда лъикIлъи гьабураб, чан ясалъе ва васасе берцинаб тарбия кьураб.

Дарсил заманалдаги, гьелдаса хадубги киназдаго нижедаги ракIалде щвана гIагаборжаразул, учительзабазул, мадугьалзабазул ва цогидазулги лъикIал рахъал.

Кинха гьединаб дарсидаса, рекIее асар гьабулел кIалъаяздаса хадуб беразда магIу хулилареб?

### *ПатIимат МухIамадовналъе*

ГIемеразе кьурал недегьал дарсал,
Дуда кIочон ругищ цIакъай учитель?
Къадруго рукIа,-ян рицарал харбал
ХутIаниш рекIеда, гIагарай инсан?
Дие бокьулаан дур лъималазда
Малъулебщиналда цIикIкIун кIвар кьезе,
Дун ялагъулелъул квер борхуларев,
Киданиги цо чи ватулароан.
Квешаб нахъе рехун, лъикIаб цебе тун
ЛъачIого кIудиял гIуна дур васал.
ГIамал-тIабигIаталъ ратIа гьарулел
РукIуна дур ясал – дур цIалдохъаби.
ХIалимлъи щивасе щолеб жо гурин
Щваги дуе гIоло щибаб къойил бакъ.
Щулияб сахлъиялъ чи цIакъ вохулин
Щокълъи гIумроялъго щогеги духъе.

**ГI. ХЪАРАГИШИЕВА**

---

## *«Щибаб хаслихълъиялъ дунги тIегьала»*

Гьедин хъвана шагIир А. Пушкиница.

Гьал къоязда нижер школалда, кидаго гIадин исанаги тIобитIана хаслихълъиялъул бал. Гьелда лъикIаб гIахьаллъи гьабуна 9-II классалъул цIалдохъабаз. Ургъун рукIана батIи-батIиял сценкаби, хасго бихьизе бокьулеб хIалалъ ЕГЭялъул бицунеб сценкаялда ролал хIана II классалъул васас ва ясас. Гьел лъималазул букIана щвалде щвараб калам, бихьулеб букIана тIад къараб ишалдехун гьезул бугеб рокьи ва жавабчилъи.



Ахиралдаги школалъул дирекциялъ кIудияб баркала кьуна тадбир гIуцIизе квер бакъарал цIалдохъабазе, гьезие нухмалъи гьабурал классалъул руководительзаби ГI. Тажудиновалъе, П. Паридалаевалъе ва З. Жамалудиновалъе.

---

Кепал харбал

## Лъималазул калам

* * *

Цо къоялъ ХIанипада ракIалде ккана дарсазде инчIого чIезе.

Телефоналдасан школалъул телефонги кьурун, гьаракьги гъваризабун гьес абуна:

-ХIурматияй учительница, ХIанипа жакъа школалде вачIине гьечIо, гьев унтун вуго.

-Унгойищ?,-ян абуна хIинкъараб гьаракьалъ учительницаялъ. – Щиб гIаги гьесие ккараб?

-Гьесде мегIерччин щун буго, щекъерги унтун буго, меседги бан буго.

-Дунгун кIалъалев чи щив?

-Дир эмен вуго!-ян борчIун ана ХIанапихъа

* * *

ЧIужуялдехун вуссун, росас абуна жиндир сагIат хIалтIулеб гьечIин. – Жаниса чороклъун батилаха, -ян абуна гьелъ. АскIов расандаби хIалев вукIарав Анварица абула:- Баба, дица гьеб сапунги бахун чурарабха,-ян.

* * *

Радал боцIуе хер базе бокьое щварай Написатида дализе бетIерги гьабун батана гIака. Гьеб рекIее гIечIей гьелъ гIакдае дару гьабизе боцIул тохтурзаби ралагьула, росдал харабиги ахIула. Гьезул щивас гIакдахъ балагьун батIи-батIияб диагноз лъола.

КIодо дида лъала гIака щай кваначIого чIун бугебали,-ян абуна ясалъул вас гьитIинав ХIажица.

-Бицеха, кIодол, щай гIака кваналареб?-ян цIехана гьелъ.

-Фигура, кIодо, нижер эбел гIадин фигура цIунулеб бугоха гIакаги,-ян абуна ХIажица къвалакь квералги чIван.

* * *

Цо къоялъ учительницаялъ цIалдохъанасда абула, ой, йо, йо ГIалибегов, нич гьечIищ дуда, мун вуго бажари бугев вас, амма дарсал лъазарулел гьечIо, щай мун гьедин кIвахIаллъулев?.

-Дица сундулниги хIакъалъулъ гьикъани кIудадаца абула. -ГIемераб жо лъани, хехго херлъула,-ян жаваб кьун буго цIалдохъанас.

---

## *Хъазалги къверкъги*

*(Маргьа)*




Цо къоялъ хъазал хIорихъе рачIун руго. Жидерго х1орихъе хъазал рачIин къоркъое рекIее гIун гьечIо. КIиялго бицардизе, рогърал разе лъугьун руго. Цо хъаз чIухIун кIалъан буго:

- Мун рогъо базе нечоларищ, дун лъаларищ дуда, мун щиб жо, лъадалъ гурого гьунар гьечIеб. Дидайин абуни лъадалъ лъедезе лъала, ракъдадасан билълъине лъала, гьаваялдасан боржине лъала,-абун.

Къоркъоца абун буго:

-Дуда чан жо лъаниги, цониги тIубанго лъикI лъаларо. ГIемераб жо квешго лъазегIан, цо жо камилго лъани, лъикIаб букIуна,-ян

# ГъаракIуни росдал тарихалдаса



ГъаракIуни росу кквезегIанго цебе гъабсагIаталда гъеб бугелъуб ва сверухъ рукIун руго гIемерал гIисинал кулал: КIазани, Мамиз, Арцали, Щуни, Къари, Хьерхьеро ва Цебешишираг. ГъабсагIаталда ГъаракIуни росу бугеб бакIалдайин абуни цебе гIумро гъабун рукIун руго жугьутIал (евреял). Киналго аваразислам босараб мехалъ, жугьутIаз гьеб босизе инкар гъабула. Абу-Муслим щайихас киналго жугьутIал гъурула ва аваразда лъазабула цолъе,-ян. Аваразгьесул гьари къабул гъабула. Щибаб гьитIинаб росдал вакилзаби рахъуна росо базе санагIатаб бакI балагьизе. Батанищ гьединаб бакI,-ян гIадамаз гьикъидал цо росдал вакилас абун буго: «Нижеда батана АржакIуни гIадаб бакI росу базе»,-абун.

(Аржа ккола Дербент шагьаралъул ханша). Аржал букIун буго жиндирго къиматал жал жанир цIунулеб кIуни. Гьев вакилас Аржал кIуниялда релълинабун буго гъабсагIаталда ГъаракIуни росу бугеб бакI. Гьелдасан бачIарабги буго росдада цIар.

Росу ккун буго гIага-шагарго 655 сонaлда, ай гьеб ккун буго I360 соналъ цебе. Ккун заманго бахъиналде гIемерал гIадамал хун руго дару гьечIеб унти баккун.

Пайдаяб малъи

## АПЕЛЬСИН - рекIее дару

Халкъияб медицинаялда 200 ялдасаги цIикIкIун соназ гIатIидго хIалтIизабуна апельсиналъул бицатаб хъал. Гьелда гьоръ руго цIикIкIараб къадаралда витамин С (аскорбиновая кислота), Р (рутин), ВI группа, эфиралъул нахал ва цогидалги сахлъиялъе хIажалъулел веществаби.

Апельсин бечедаб буго минералиял элементаздалъун гуребги, калиялдалъун, магниялдалъун, инозиталдалъун (кумек гъабула бидурихъазул атеросклероз гьукъиялъе).

Апельсиналъ кумек гъабула тIулал, ццидал къвачIаялъул унтаби сах гьаризе, бидулъ холестерин цIикIкIун бугони ва диабетиказул чакар дагьлъизабиялъе, бакьазул хIалтIи лъикIлъизабиялъе, кванирукъалъул кислотность рекъезабиялъе. Гъиз сверулел гIадамазе лъикIаб буго кваналалде бащдаб сагIаталъ цебе стакан сокалъул гьекъезе.

Иммунитет загIипаб букIиналъ, вирусалъул унтабаздалъун хехго унтулезе (ОРЗ, ) тохтурзабаз лъикIаблъун бихьизабулеб буго бакьвазураб апельсиналъул хъалалъул порощок чаялъул бакIалда унтарасе кьезе.

Гьоркьоса къотIичIого



апельсиналъул сок хIалтIизабуни, ракI унтарал гIадамазул пульс рукIалиде ккезабула. Гьеб гуребги, рахь бетичIого, хвечIого букIине ккани, гьелъул литралде гьорлъе I5 къатIра апельсина лъул сокалъул гъабуни, гьеб чанго анкьалъ хвечIого хутIула.

**«ЗОЖалдаса» босараб**

# *Поэзиялъул букIон*



*СанагIатго гьечIищ дие гьабизе*

Бакьги щинкIун анин щобазде нахъе
Щибизе беразда магIу ххулулеб?
Хиял дир лъурасги лъади ячанин
Лъарал чвахиялъул чилиго кинаб?
Роржунел хIанчIиги чIирчIилел руго
ЧIухIарай, щайзе мун гIодулейилан.
Подоб чIабаралъги жаваб гьабула
Жакъаги къваридго щай мун йигей,-ян.
Ракулел цIвабзаца цIехолеб буго
ЩIар кIочонищ тараб гьесда дурилан.
ТIерхьунеб мацIалъги гьикъулеб буго
Гьудулищ ятарай, дуда гьесулан.
Дур рекIел бокIнида гьитIинабго бакI
Бегьуларищ гьудул дийги гьабизе,
Гьел дур сухьмахъазул сверaлабазда
СанагIатто гьечIищ дие кIусизе?

## ГьитIинаб рекIеде, кIудияб гьари

Дир ургъалил гьудул, рохалил гьалмагъ
Гьалщинал санаца свак лъачIеб барти,
СундуйгIаги дие инкар гьабичIеб
КинабгIаги цоцалъ балъголъи гьечIеб.

Дуе бокьаралда дун тIад рекъараб
РекъечIеб гьабизе дуца биччачIеб,
Рохелгун къварилъи цадахъ борхараб
Циндаго хIал лъазе щайзе биччалеб!?

Биччанищ дица дуй сундулъго гьалатI
Гьункараб гьудулги дуца биххизе?
Бихьанищ дидаса щибго къадарлъи
Къо-сордо гьечIого рахIат дур хвезе?

Гьаб дуниялалда гьечIеб ритIухълъи
Гьебищ дуе ккараб унтизе гIилла?
Падамил лъимадухъ тIагIараб намус,
ТIубанго хIалае бакIлъунищ ккараб?

Бакьан хисаниги харбал цогояд
Цо-цо хIакимзаби чIалгIунищ дуда?
ЧIухIи гуронани хIалтIи лъаларел
Лъавукъал мусудул рокьичIогойищ?

Дир ургьиб гьинал ракI, бице щиб ккараб
Щай дур кIутIиялъул рукIел хисараб?
ГьитIинаб рекIеде кIудияб гьари,
Гьудуллъи биххуге хвезегIан диргун.

## Берцинго хьваде, вацал

Паспорт цIехолареб, цIар гьикъулареб
Гьавураб бакI, миллат къваригIунареб,
Къанабазул тIадхъел, тIалулъ бараб рукъ
КъачIан бугеб нилъей, щивав чиясе.
Гьабураб лъикIлъиги, лъикIаб гIамалги
Падамасда берцин кIалъараб кIалги,
КIулал рахалареб гьеб туснахъалда
Тархъанлъи нилъее щвезе бугеб жо.
ПIарацги, хIиллаги хIалай щолареб
ХIакимлъи, бечелъи рикIкIадулъ гьечIеб,
РекIаравги лъелго, лъелавгун цадахъ
Цого формаялда рахъунел гьенир.
ХIал бихьизе кьураб дуниялалъул рукъ
Даималъ нилъ чIолеб бакI гуреблъидал,
Дир диналъул вацал, берцинго хьваде
БетIергьанас кьураб гьаб ракьалда тIад!

## *Кибе араб дир лъимерлъи*

Лъимерлъи киб араб дир гIумроялъул
Полохъанлъи нухда дандецин чIвачIин,
Жаимго хаселги, хасалихълъиги
Хьаравуллъи гьабун чIун бугин хадуб.
Цо-цо гьурал пула, гьава бигьула
Гьибилеб жо щибдай гьаб къисматалда?
Цинги гIазу бала, хадуб цIер чIвала
ЧIвалареб щай хинлъи хвалиениги.
Доб рииги ихги кибедай араб
Сундулъго биччараб гьалатIги ккечIин,
Кинида дунги тун сапаралъ арай
Эбелалъ цадахъдай гьеб бачун араб?

## КватIун лъана дида

Церего кIочана дида дол берал
Балагьанцинахъе дие гьимулел,
Гьумералъул сипат тана рикIкIада
РекIелъа дицаго нахъе хьвагIараб.
КIочана дида мун, вукIинчIев гIадин
РекIелъ рукъ кколареб кватIул хучI гIадин,
Хиялазулъ свана, сордо лъугIидал,
Сардида бихьулеб макьу кинниги.
Цевеса унаро дов гьитIинав вас
ТIегьги босун дуца дихъе витIарав,
Амма кватIун лъана дида доб тIогьол
Гьересияб рокьул кьогIаб махI букIин.

## *Дие бокьулаан*

Роол нигIматазул дий бокьулеб жо
Боркьараб бакъ щвейги, чвахун цIад байги,
Черхалда рекъараб ретIелги ретIун
ТIогьол байдабазда свердизе щвейги.
Сверухъ гьутIбузда чIун чIир-чIириялда
ЧIоролабаз дие рачунел бакьнал.
Бакъ тIерхьун хадуса жиб-жиб ахикьан
Ахада щоларел гарцIазул гьаркьал.
Гьугьен багьаридал гьутIбуз цоцада
Данде каралги цун рицунел харбал,
ХарибакIаздасан хIатIида гIицIго
ПанчIаб лъимер гIадин йилъанхъулей дун.

**Суайбат ХIАМЗАТОВА.**
**Рихьуни росу.**


Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района

Главный редактор
Саният КЕБЕДМАГОМЕДОВА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
с. Унцукуль
ул. Мустафаева 28

Телефон редактора
55-63-07
sadovoduns@yandex.ru

Адрес издателя:
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать 24. 11.16 г. 19 20
фактически -20. 40 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1400 экз.